

KOUVÈTI VIZAJ, SA POU W FÈ AK SA POU W PA FÈ



Sa pou w fè:

- Asire ke ou kapab respire ladan
- Mete li nenpòt lè ou prale an piblik pou travay oswa vizite yon biznis ki esansyèl
- Asire w ke li kouvri nen w ak bouch ou
- Si se yon kouvèti an twal, lave li apre w fin itilize l



Sa pou w pa fè:

- Pa itilize l sou yon timoun ki gwens pase 2 lane
- Pa sèvi ak mask chirijikal oswa lòt PPE ki fèt pou travayè swen sante yo



Moun ki ap travay oswa ap vizite boutik, restoran, famasi, sit konstriksyon, machin transpò piblik, machin pou lòt transpò, ak kote mezi distans sosyal yo pa posib, yo dwe mete kouvèti vizaj jan CDC defini sa. Yon kouvèti vizaj gen ladan nenpòt kouvèti ki byen chita sou vizaj ak bouch, ke w achte l nan magazen oswa ou fè l lakay, epi li gen riban oswa pasan zòrèy.

Moun pa ta dwe itilize mask N95 yo, paske se materyèl enpòtan pou travayè swen sante, lapolis, ponpye, jesyon dijans, oswa lòt moun ki angaje nan aktivite lavi/sekirite. Moun ki mete mask yo ta dwe revize direktiv CDC ak Depatman Lasante Florid konsènan aplikasyon, retire, ak netwayaj mask yo san danje. Yon mask pa obligatwa pou timoun ki gen mwens pase 2 lane oswa moun ki gen pwoblèm respirasyon akòz yon pwoblèm sante kwonik ki deja egziste.

Tout moun nan Konte Miami-Dade ki kwè ke yo te ekspoze a COVID-19 la ta dwe rele Depatman Lasante Florid la nan **305-324-2400**. Si w genyen yon founisè swen medikal, rele li. Si w ap ale nan yon biwo oswa yon etablisman medikal, rele davans.

Pou kesyon sou COVID-19 nan Florid, tanpri rele Dapartman Lasante Florid la nan **1-866-779-6121**.

Pou plis enfòmasyon, vizite miamidade.gov/coronavirus

POU YON IJANS MEDIKAL, RELE 911